- 1° Mu gihe hasabwe amakuru menshi canke hakenewe amatohoza yimbitse kandi mu gihe bikozwe mu kiringo gisanzwe gikurikizwa vyobera intambamyi bimwe birenze urugero imirimo y'uwujewe ivyerekeye amakuru ;
- 2° Mu gihe amakuru yasabwe atangwa ari uko habanje kuba ukuvugana n'abo vyega bikaba bigaragara ko bitoshobora kugirwa mu kiringo c'imisi 15.

Ingingo yo kwongereza ikiringo ifashwe hisunzwe agahimba gahejeje kuvugwa iramenyeshwa uwasavye amakuru biciye mu rwandiko kandi ntibirenze imisi icumi n'itanu iharurwa kuva umusi urwandiko rusaba amakuru rwakiririweko.

Urwandiko rumenyeshya uwasavye amakuru ibi bikurikira :

- 1° Ikiringo gishasha;
- 2° Imvo zumvikana z'ukwongereza ikiringo zishingiye ku ngingo zivyerekeye z'iri bwirizwa;
- 3° Ko afise uburenganzira bwo gusaba ko hasubirwamwo ingingo y'ukwongereza ikiringo.

Ingingo ya 26

Inyishu itangwa ku makuru yasabwe afiswe n'urwego rwa Reta canke igisata cayo canke icyabikorera utwabo imenyeshwa biciye mu rwandiko kandi igatomora ibi bikurikira:

- 1° Le cas échéant, les frais applicables à la demande et la forme dans laquelle l'information va être communiquée ;
- 1° Igihe bikenewe, amafaranga bisaba n'uburyo amakuru azatangwamwo;
- 2° Les raisons réelles du refus de la demande.
- 2° Imvo z'ukuri zatumye amakuru adatangwa.

Section 3. De la mise à disposition de l'information demandée

Agace ka 3. Ugushikiriza amakuru yasabwe

Article 27

Lorsqu'une demande indique une préférence quant à la forme sous laquelle l'information doit être mise à disposition, l'organisme sollicité doit, sous réserve des dispositions de l'alinéa 2, la respecter.

En cas d'impossibilité de communiquer les informations demandées par les moyens préférés par le requérant, l'organisme doit le justifier et proposer une forme de communication de l'information autre que celle demandée.

Article 28

Lorsqu'une information existe dans plusieurs langues, elle est mise à la disposition du demandeur dans la langue de son choix.

Toutefois, si le demandeur choisit une langue officielle autre que celle dans laquelle l'information existe, il est tenu de supporter les frais nécessités par la traduction.

Article 29

Un organisme public ou privé qui reçoit, en vertu des articles 4 et 5, une demande ayant trait à des informations qui ne sont contenues dans aucun document détenu par l'organisme, est tenu de notifier au requérant qu'il ne possède pas l'information.

Ingingo ya 27

Mu gihe urwandiko rwo gusaba amakuru rutomora uburyo atangwamwo, urwego canke igisata vyayasabwe bitegerezwa kwubahiriza ivyasabwe, hatirengagijwe ibitegekanijwe mu gahimba ka 2 k'iyi ingingo.

Mu gihe bidashobotse ko amakuru atangwa mu buryo uwuyasaba yipfuzwa, urwego canke igisata bitegerezwa kubitangira imvo kandi bikamenyesha uwayasavye ubundi buryo yoyashikirizwamwo.

Ingingo ya 28

Mu gihe amakuru ari mu ndimi zitandukanye, uwuyasaba ayahabwa mu rurimi yihitiyemwo.

Ariko, igihe uwusaba amakuru ahisemwo ururimi rukoresha mu ntwaro atari urwo ayo makuru abitswemwo, ategerezwa gutanga amafaranga asabwa kugira ahindurwe mu rurimi ashaka.

Ingingo ya 29

Urwego rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo bisabwe, hisunzwe ingingo ya 4 n'iya 5, amakuru ata na hamwe ari ku bibikwako amakuru bifise, bitegerezwa guca bimenyesha uwuyasaba ko atayo bifise.

Section 4. Des conditions de reproduction et de réutilisation des informations

Article 30

Sans préjudice des dispositions pertinentes, les conditions de réutilisation des informations publiques et de reproduction sont communiquées par les organismes publics ou privés qui ont produit ou détiennent lesdites informations.

Article 31

Les coûts raisonnables de reproduction sont à charge du requérant et les tarifs doivent être affichés et accessibles.

Article 32

Toute condition applicable en matière de réutilisation des documents est non discriminatoire.

Les contrats et les accords conclus entre les organismes publics ou privés détenteurs des documents et les tiers n'accordent pas de droit d'exclusivité.

Agace ka 4. Ibisabwa mu kwimura amakuru no mu kuyakoresha ku zindi ntumbero

Ingingo ya 30

Hatirengagijwe ingingo zivyerekeye, ibisabwa mu gukoresha ku zindi ntumbero amakuru agenewe bese no mu kuyimura bimenyeshwa n'inzego za Reta canke ibisata vyayo canke ivy'abikorera utwabo vyayateguye canke biyafise.

Ingingo ya 31

Amafaranga agereranye akenerwa mu kwimura amakuru akuwe ku co abitsweko atangwa n'uwasavye amakuru kandi ibiciro bitegerezwa kumanikwa bikongera bigashirwa aho ababikenera bese bashobora kubibona.

Ingingo ya 32

Igisabwa cose mu bijanye n'ugukoresha amakuru ku zindi ntumbero ntawe gikumira.

Amasezerano agirwa hagati y'inzego za Reta canke ibisata vyayo canke ivy'abikorera utwabo bifise ayo makuru n'abandi bantu nta we aha uburenganzira bwo kwihariza ikoresha ry'amakuru ku zindi ntumbero.

CHAPITRE III. DES MESURES VISANT LA PROMOTION DE L'ACCES A L'INFORMATION PUBLIQUE

IGICE CA III. INGINGO Z'UGUTEZA IMBERE IBIJANYE N'UKURONKA AMAKURU AGENEWE BOSE

Section 1. Du guide d'information

Agace ka 1. Igitabu ndongozi c'ibikenewe kumenywa

Article 33

Chaque organisme public ou privé ayant une mission d'intérêt public doit disposer dans chaque langue officielle d'un guide clair, simple et accessible contenant des informations pratiques pour faciliter l'exercice effectif des droits contenus dans la présente loi.

Ingingo ya 33

Urwego rwose rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo birangura umurimo werekeye ineza ya bese bitegerezwa kuba bifise, mu rurimi rumwerumwe rwose mu zikoreshwa mu ntwaro, igitabu ndongozi canditswe mu buryo butomoye, coroshe gukoresha kandi bese bashobora kuronka kimwo ibikurikizwa kugira vyorohere abantu gukoresha uburenganzira bwabo butegekanijwe muri iri bwirizwa.

Article 34

Le guide mentionné à l'article 33 est régulièrement mis à jour.

Ingingo ya 34

Igitabu ndongozi kivugwa mu ngingo ya 33 kija kirashirwa ku gihe.

Section 2. Du responsable en charge de l'information**Agace ka 2. Uwujewe ivyerekeye amakuru****Article 35**

Chaque organisme public ou privé désigne un responsable en charge de l'information ayant les compétences et les qualités nécessaires pour exercer les pouvoirs et s'acquitter des fonctions ainsi que des responsabilités prévues par la présente loi.

Ingingo ya 35

Urwego rwose rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo biragena uwujewe ivyerekeye amakuru afise ubushobozi n'inyifato bibereye kugira akoreshe ububasha afise yongere arangure amabanga ajejwe hamwe n'ivyo abazwa bitegekanijwe n'iri bwirizwa.

Le responsable doit notamment :

Uwujewe ivyerekeye amakuru ategerezwa kurangura nk'ibi bikurikira:

1° Traiter les demandes d'accès à l'information ;

1° Guca irya n'ino inzandiko zisaba amakuru;

2° Fournir les informations demandées ;

2° Gutanga amakuru yasabwe ;

3° Apporter l'assistance nécessaire au demandeur, le cas échéant, dans l'établissement de sa demande ;

3° Gufasha uwusaba amakuru muri ivyo vyose akenera, n'igihe bikenewe, mu gutegura urwandiko ruyasaba ;

4° Proposer une stratégie de promotion des pratiques les plus élevées en matière de création, stockage, organisation, conservation et de mise à disposition des informations.

4° Gushikiriza uburyo burashe bwo gukoresha ubuhinga buhanitse mu vyerekeye ugutegura amakuru, ukuyegeranya, ukuyatunganya, ukuyashingura n'ukuyaha abayakeneye.

Article 36

Chaque organisme public ou privé s'assure que le public bénéficie d'un accès facile à l'information par la connaissance du nom, de la fonction et des coordonnées du responsable en charge de l'information.

Ingingo ya 36

Urwego rwose rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo biritwarika ko abanyagihugu baronka amakuru vyoroshe mu kubamenyesha izina ry'uwujewe ivyerekeye amakuru, umurimo ashinzwe n'ingene abamukenera bashobora kumuronka.

Section 3. De l'obligation de publication proactive**Agace ka 3. Ugutegerezwa gushira ku mugaragaro amakuru imbere yuko bisabwa****Article 37**

Tout organisme public ou privé publie, de son initiative, les informations qu'il détient dans les 30 jours calendaires de leur création ou de leur réception.

Ingingo ya 37

Urwego rwose rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo birashira ku mugaragaro, bivyibwirije, amakuru bifise mu

misi mirongo itatu ikurikirana kuva biyateguye canke biyaronse.

Article 38

Tout organisme public ou privé rend accessibles aux usagers les informations qui émanent de lui ou le concernant.

Il s'agit notamment :

1° Des rapports, des études, des documents d'orientation ou de politiques publiques, des comptes rendus, des procès-verbaux, des statistiques, des directives, des instructions, des circulaires; des notes de service et des réponses qui comportent une interprétation du droit ou une description des procédures administratives, des avis, des prévisions budgétaires, des décisions, des offres de recrutement, des appels d'offres et des résultats des appels d'offres ;

2° Des documents relatifs au processus d'élaboration et d'exécution du budget de l'Etat notamment la lettre de cadrage budgétaire, les rapports préalables au projet, le budget de l'exécutif, le budget adopté, les rapports en cours de l'exercice budgétaire, la revue du milieu de l'exercice, les rapports de fin d'exercice et les rapports d'audit ;

Ingingo ya 38

Urwego rwose rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo birorohereza abakenera kuronka amakuru vyateguye canke ayavyerekeye.

Ayo makuru yerekeye nk'ibi bikurikira:

1° Ivyegeranyo vy'uko ibintu bimeze, ivyigwa, inzandiko zitanga intumbero canke iz'imigambi y'igihugu, ivyegeranyo vyerekana ido n'ido ry'ivyakozwe, ivyegeranyo vyerekana incamake y'ivyakozwe, ibiharuro bitororokanywa bifatirwako, intumbero zisungwa, inzandiko z'ibitegerezwa gukurikizwa, inzandiko zijanye n'ivy'akazi n'inyishu zirimwo insobanuro y'amategeko canke zitomora ibikurikizwa mu bijanye n'intwari, ivyiyumviro vyatanzwe, amafaranga ategukanywa gukoreshwa, ingingo zifatwa, amatangazo y'ugutanga akazi, ay'uguhiganirwa amasoko hamwe n'ivyavuye mu matangazo y'uguhiganirwa amasoko ;

2° Inzandiko zijanye n'intambwe zikurikizwa mu gutegura no mu gukoresha amafaranga ategukanywa gukoreshwa na Reta, nk'urwandiko rwerekana ingene amafaranga ategukanywe azokoresheya, ivyegeranyo bitegurwa imbere y'integuro y'amafaranga, amafaranga ategukanywe gukoreshwa n'urwego nshingwabikorwa rwa Reta, amafaranga ategukanywa gukoreshwa yemejwe, ivyegeranyo bigirwa umwaka amafaranga ategukanywa gukoreshwamwo utararangira, urwandiko rw'isuzuma ry'ikoreshwa ry'amafaranga hagati mu mwaka, ivyegeranyo bisozera umwaka amafaranga yategukanywe yakoreshejwemwo hamwe n'ivyegeranyo vy'amasuzuma yabaye;

- 3° De la description de la structure, des missions, des obligations et du financement dudit organisme ;
 - 4° Des informations détaillées concernant tous les services que ledit organisme fournit aux usagers ;
 - 5° De tout mécanisme spécifique de demande ou de plainte à la disposition des usagers concernant les actions de l'organisme ou le non-respect par ledit organisme de ses obligations ;
 - 6° Du résumé des demandes, des plaintes et d'autres recours directs déposés par des usagers ainsi que la réponse fournie par l'organisme ;
 - 7° D'un guide simple contenant des informations nécessaires concernant leur système de conservation de données, les types et les formes d'informations qu'il détient, les catégories d'informations qu'il publie et la procédure à suivre pour adresser une demande d'information ;
 - 8° De toutes les dispositions, des orientations politiques, des règles, des guides ou des manuels concernant la manière dont l'organisme s'acquitte de ses missions ;
 - 9° Du contenu de toutes ses décisions ou de ses orientations politiques qui ont un effet sur les citoyens, de même que les raisons de ces choix et toute interprétation autorisée sur ces décisions ainsi que toute information importante concernant le contexte ;
 - 10° De tout mécanisme ou de toute procédure par le biais desquels les citoyens peuvent faire des observations ou peuvent d'une manière ou d'une autre influencer la formulation des orientations politiques ou l'exercice des pouvoirs de l'organisme ;
- 3° Ido n'ido ry'ingene urwego canke igisata biringanijwe, ry'imirimo yavyo, ry'ivyo bitegerejwe n'iry'amafaranga bikoresha;
 - 4° Ido n'ido ry'amakuru yerekeye ivyo vyose urwego canke igisata birangurira abakenera amakuru;
 - 5° Uburyo bwose bwihariye bw'ugusaba amakuru canke bw'ugushikiriza ibirego bwategekanirijwe abakenera amakuru ku bijanye n'ibikorwa canke n'ukutubahiriza ivyo urwo rwego canke ico gisata bitegerejwe;
 - 6° Incamake y'ivyasabwe, y'ibirego hamwe n'ibindi birego vyo gusubirishamwo ingingo vyashikirijwe n'abakenera amakuru hamwe n'inyishu urwego canke igisata vyatanze;
 - 7° Igitabu ndongozi coroshe gukoresha kirimwo amakuru akenewe ajanye n'ubuhinga bw'ukubika ivyatororokanijwe, ubwoko bw'amakuru bifise n'ingene ameze, amakuru bishira ku mugaragaro ayo ari yo hamwe n'ibikurikizwa mu gusaba amakuru;
 - 8° Ibitegekanywa vyose, intumbero za poritike, ibikurikizwa, ibitabu ndongozi canke ibitabu vyerekana ingene urwego canke igisata birangura imirimo bijejwe;
 - 9° Ibiri mu ngingo zose zafashwe n'urwego canke igisata canke intumbero za poritike bifise ingaruka ku benegihugu, co kimwe n'imvo zatumye bihitamwo iyo ntumbero hamwe n'insiguro yose yemewe yerekeye izo ngingo hamwe n'ayandi makuru yose akenewe ajanye n'ivyo;
 - 10° Uburyo bwose canke ibikurikizwa abenegihugu bashobora gukoresha kugira bagire ico baterereye canke bashobore, mu buryo ubu canke ubundi, kugira uruhara mw'ishirwaho ry'intumbero za poritike canke mw'ikoresha ry'ububasha bw'urwo rwego canke igisata;

11° Des noms, des coordonnées et d'autres informations pertinentes concernant le responsable de l'information de l'organisme public ou privé concerné ;

12° Des règlements et des manuels détenus par l'organisme public ou privé concerné ou utilisés par ses employés pour l'exercice de leurs fonctions ;

13° Des informations sur les programmes de l'Etat, y compris les indicateurs de performance.

11° Amazina y'uwujewe ivyerekeye amakuru y'urwego rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo vyerekeye, ingene abamukeneye bashobora kumuronda hamwe n'ayandi makuru yose akenewe amwerekeye;

12° Amategako n'ibitabu bifiswe n'urwego rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo biraba canke bikoroshwa n'abakozi baryo mu kurangura imirimo bajejwe;

13° Amakuru ajanye n'indinganizo z'imigambi ya Reta, harimwo n'ivyerekana ingene umwimbu ushikwako.

Section 4. De l'obligation de créer, d'organiser et de conserver les informations

Agace ka 4. Ugutegerezwa gutegura, gutunganya no gushingura amakuru

Article 39

Tout détenteur d'information crée, organise et conserve ses informations de façon à faciliter l'exercice du droit d'accès à l'information.

Ingingo ya 39

Uwo wese afise amakuru arayategura, akayatunganya akongera akayashingura ku buryo uwuyakeneye ayaronka vyoroshe.

En exécution de l'obligation visée à l'alinéa 1, les organismes publics ou privés doivent :

Mw'ishirwa mu ngiro ry'ibitegerejwe bivugwa mu gahimba ka 1 k'iyi ngingo, inzego za Reta canke ibisata vyayo canke ivy'abikorera utwabo bitegerezwa:

1° Produire des informations sur l'ensemble de leurs activités notamment celles énumérées à l'article 38 ;

1° Gutegura amakuru ku bikorwa vyayo vyose yaranguye, canecane ivyadondaguwe mu ngingo ya 38;

2° Organiser les informations de manière systématique et de façon qu'elles puissent être rapidement et aisément trouvées ;

2° Gutunganya amakuru ata cirengagijwe ku buryo ashobora gutorwa ningoga kandi vyoroshe;

3° Conserver les informations dans de bonnes conditions et de manière à garantir la sécurité et l'intégrité de leur contenu.

3° Gushingura amakuru mu buryo bubereye kandi ku buryo aguma akingiwe n'ibiyagize bikaguma uko bimeze.

Article 40

A la demande de la personne intéressée, tout organisme public ou privé doit, sans délais et à ses frais, corriger, mettre à jour ou annoter toute information à caractère personnel anachronique, inexacte ou incomplète, qu'il

Ingingo ya 40

Bisabwe n'umuntu abifisemwo inyungu, urwego rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo bitegerezwa, bidatevye kandi bikoresheje uburyo bwavyo, gukosora, gushira ku gihe canke kwandika amakuru yose amwerekeye ubwiwe yataye igihe, atari

détient au sujet du demandeur après vérification authenticité de la demande. ay'ukuri canke harimwo ibibuze yerekeye uwuyasaba inyima y'isuzumwa y'ivyasabwe.

CHAPITRE IV. DES EXCEPTIONS AU DROIT D'ACCÈS À L'INFORMATION

CA IV. IBITEGWA N'UBURENGANZIRA BW'UKURONKA AMAKURU

Article 41

Les détenteurs d'informations ne peuvent refuser l'accès à l'information que dans les cas prévus par la présente loi.

Ingingo ya 41

Abafise amakuru bashobora kureka gusa kuyatanga mu bihe bitegekanijwe n'iri bwirizwa.

Article 42

Nonobstant les dispositions de la présente loi, les détenteurs d'information ne peuvent refuser l'accès à une information que si le dommage pouvant en résulter est susceptible de l'emporter sensiblement sur l'intérêt public que présenterait la divulgation de telle information.

Ingingo ya 42

Hirengagijwe ingingo z'iri bwirizwa, abafise amakuru bashobora kureka gusa kuyatanga iyo ivyokwononekara bishobora kuba vyinshi gusumba ineza ya bose igihe ayo makuru yoshirwa ahabona.

Avant tout rejet d'une demande d'accès à l'information, le responsable de l'information doit examiner si le principe mentionné à l'alinéa 1 trouve à s'appliquer.

Imbere yo kwima amakuru uwuyasaba, uwujwe ivyerekeye amakuru ategerezwa gusuzuma neza ko ingingo ivugwa mu gahimba ka 1 yubahirijwe.

Article 43

Aucune information ne peut être soustraite à l'obligation d'accès au seul motif qu'elle est considérée comme confidentielle.

Ingingo ya 43

Nta makuru n'amwe atohabwa abayakenera hitwajwe gusa imvo yuko afatwa nk'ayo kugumizwa mw'ibanga.

Article 44

Le responsable de l'information peut refuser une demande d'accès si la transmission de l'information demandée entraîne la divulgation d'informations personnelles relatives à un tiers, même décédé.

Ingingo ya 44

Uwujwe ivyerekeye amakuru arashobora kutayatanga iyo ayo makuru yasabwe atanzwe, bituma amakuru yerekeye uwundi muntu ubwiwe ashirwa ahabona, naho yoba yarapfuye.

Une demande ne peut être refusée en vertu de l'alinéa 1 si :

Amakuru ntashobora kureka gutangwa hisunzwe agahimba ka 1 k'iyi ngingo iyo:

1° Le tiers s'abstient de faire la réclamation et d'indiquer les raisons qui sous-tendent le rejet de la demande ;

1° Uwo amakuru yerekeye atasavye ko ayo makuru atatangwa ntiyerekane n'imvo zotuma adatangwa ;

2° Le tiers a consenti à la divulgation ;

2° Uwo amakuru yerekeye yemeye ko ayo makuru ashirwa ahabona ;

- 3° Le tiers est décédé depuis plus de 10 ans ; 3° Uwo amakuru yerekeye amaze imyaka irenga icumi yarapfuye;
- 4° L'information est dans le domaine public ; 4° Amakuru ari mu yarekuriwe bose;
- 5° L'information touche au bien-être physique ou mental d'une personne placée sous la garde du demandeur et qui a moins de 18 ans, ou est incapable de comprendre la nature de la demande et qu'il est dans l'intérêt de la personne d'accorder l'accès à l'information ; 5° Amakuru hari ico ahindura mu vyerekeye ukumererwa neza mu mubiri canke mu mutwe kw'umuntu asanzwe atunzwe n'ubwubatsiye kandi uwo yerekeye akaba atarakwiza imyaka icumi n'umunani, canke adashobora gutahura igituma ayo makuru asabwa akaba atangwa ku neza yiwe;
- 6° L'information concerne une personne décédée et que le demandeur est un parent au premier degré ou le représentant légal du défunt ou mandaté par le parent au premier degré ou le représentant légal du défunt, l'exécuteur testamentaire du défunt ou l'administrateur d'une fondation susceptible d'hériter les biens du défunt ; 6° Amakuru yerekeye umuntu yapfuye kandi uwuyasaba akaba ari incuti yiwe yo ku rugero rwa mbere canke uwuserukira imbere y'amategeko umuhisi canke uwatumwe n'incuti yiwe yo ku rugero rwa mbere canke uwatumwe n'uwuserukira imbere y'amategeko umuhisi, uwujwe gushira mu ngiro ivyo umuhisi yasize araze canke uwurongoye ikigo, gishobora gutorana amatungo y'umuhisi;
- 7° L'information concerne le poste ou les fonctions d'une personne employée ou ayant été employée par le titulaire d'information ou tout autre organisme public ou privé. 7° Amakuru yerekeye ikibanza canke imirimo y'umukozi canke uwigeze gukoreshwa n'uwufise amakuru canke urundi rwego rwose rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo.

Article 45

Un organisme peut refuser d'indiquer s'il détient ou non un document ou refuser de communiquer l'information lorsque :

- 1° L'information est protégée par la confidentialité dans le cadre d'une procédure judiciaire au niveau national ou international, à moins que la personne qui bénéficie de la protection n'y ait renoncé ; 1° Amakuru akingiwe ategerezwa kugumizwa mw'ibanga ku mvo z'amatohoza y'ubutungane ku rwego rw'igihugu canke mpuzamakungu, kiretse iyo umuntu akingiwe yarekuye ko amakuru aja ku mugaragaro;
- 2° L'information a été obtenue par le biais d'un tiers et que la communiquer constituerait une divulgation d'informations confidentielles punissable par la loi ; 2° Amakuru yabonetse biciye ku wundi muntu kandi ukuyatanga vyoba ari ugushira ahabona amakuru yo mw'ibanga na vyo bikaba bihanwa n'ibwirizwa;

Ingingo ya 45

Urwego canke igisata birashobora kwanka kumenyesha ko bifise canke bidafise amakuru asabwa canke bikanka kuyatanga mu gihe:

- | | |
|---|--|
| <p>3° L'information a été obtenue de manière confidentielle par le biais d'un tiers et contient un secret en matière commerciale ou si communiquer de telles informations porterait ou pourrait porter gravement préjudice aux intérêts commerciaux ou financiers des tiers ;</p> | <p>3° Amakuru yabonetse biciye mw'ibanga atanzwe n'uwundi muntu kandi akaba arimwo ibanga ry'ivyerekeye ubudandaji canke iyo amakuru nk'ayo hamwe yotangwa vyobangamira canke vyoshobora kubangamira cane inyungu z'abandi bantu mu bijanye n'ubudandaji canke n'ubutunzi;</p> |
| <p>4° L'information a été obtenue de manière confidentielle d'un autre Etat ou d'une organisation internationale et que communiquer une telle information porterait gravement préjudice aux relations avec l'Etat ou l'organisation internationale ;</p> | <p>4° Amakuru yaronswe mw'ibanga atanzwe n'ikindi gihugu canke n'ishirahamwe mpuzamakungu kandi hamwe yotangwa bikaba vyotosekaza cane imigenderanire n'ico gihugu canke n'iryo shirahamwe mpuzamakungu;</p> |
| <p>5° En communiquant l'information, l'organisme pourrait mettre en danger la vie, la santé ou la sécurité d'une personne ;</p> | <p>5° Urwego canke igisata bitanze amakuru, vyoshobora gutuma ubuzima bw'umuntu, amagara yiwe canke umutekano wiwe bibangamirwa;</p> |
| <p>6° La divulgation de l'information pourrait porter gravement préjudice à l'ordre public ;</p> | <p>6° Amakuru ashizwe ahabona vyoshobora guhungabanya cane umutekano w'abanyagihugu;</p> |
| <p>7° La divulgation de l'information pourrait porter gravement préjudice à la défense ou à la sécurité nationale ;</p> | <p>7° Amakuru ashizwe ahabona vyoshobora kubangamira cane ibijanye n'ukwivuna abansi canke umutekano w'Igihugu;</p> |
| <p>8° L'information porte sur une recherche scientifique non encore publiée ;</p> | <p>8° Amakuru yerekeye ubushakashatsi butarashirwa ahabona;</p> |
| <p>9° L'information porte préjudice à la protection du patrimoine national ;</p> | <p>9° Amakuru abangamira ikingirwa ry'amatungo y'Igihugu;</p> |
| <p>10° Des tiers détiennent les droits de propriété intellectuelle sur les documents demandés.</p> | <p>10° Abandi bafise uburenganzira kw'itunga mvabwenge ku makuru yasabwe.</p> |

Article 46.

Les exceptions prévues aux articles 44 et 45 ne s'appliquent pas :

Ingingo ya 46

Ibitegwa n'uburenganzira bw'ukuronka amakuru bitegekanijwe mu ngingo ya 44 n'iya 45 ntivyerekeye:

- | | |
|--|---|
| <p>1° Aux documents tombant dans le domaine public conformément à la législation relative aux archives ;</p> | <p>1° Amakuru yerekeye ineza ya bose hisunzwe amategeko agenga ivyashinguwe vya kera;</p> |
|--|---|

- 2° Aux faits, à l'analyse de faits, aux données techniques ou aux informations statistiques ;
- 2° Ivyakozwe, umwihwezo w'ivyakozwe, ivyatororokanijwe bijanye n'ubuhinga canke amakuru yerekeye ibiharuro bitororokanywa mfatirwako;
- 3° Aux documents dont la divulgation est nécessaire en vue d'exposer, d'enquêter ou de poursuivre de graves violations des droits de l'Homme ou des crimes de guerre, des crimes contre l'humanité ou des crimes de génocide et autres crimes assimilés et l'exclusion ;
- 3° Amakuru bikenewe ko ashirwa ahabona mu ntumbero yo gushira ahabona, kugira amatohoza canke gukurikirana ibijanye n'ihonyangwa rikomeye ry'agateka ka zina muntu canke ivyaha vyo mu ntambara, ivyaha vy'agahomerabunwa canke ivyaha vy'ihonyabwoko n'ibindi vyaha bifatwa nka vyo hamwe n'ugukumira;
- 4° Lorsque l'intérêt général l'emporte sur l'intérêt protégé, en raison d'une menace grave pour la santé, la sécurité et l'environnement, du risque d'un acte criminel, de corruption ou de mauvaise gestion, de crimes économiques ou financiers, des actes d'agression et de pillage des ressources naturelles ;
- 4° Mu gihe ineza ya bose irengeye inyungu ikingiwe, bitumwe n'uko amagara, umutekano n'ibidukikije bishobora kugeramirwa cane, ko hashobora gukorwa icaha gikomeye, icerekeye igiturire canke icerekeye ugukoresha ibintu nabi, ivyaha bihambaye vyerekeye ubutunzi canke amafaranga, ivyaha vyo gutera igihugu n'ugusahura amatungo kama;

Si une demande concerne un document contenant des informations qui tombent dans le cadre d'une exception prévue par le présent chapitre, toute information dans le document qui n'est pas concernée par une exception doit être communiquée au requérant.

Article 47

L'information publique n'est pas exemptée de l'accès sur la seule base de son niveau de classification.

Un décret détermine le niveau de classification et le délai de déclassification d'une information publique sur base de son degré de sensibilité ou de confidentialité.

Mu gihe hasabwe ikibitsweko amakuru ari mu mugwi w'ayadatangwa nk'uko bitegekanijwe muri iki gice, amakuru yose akibitsweko aterekewe n'ingingo y'ukudatangwa ategerezwa guhabwa uwuyasaba.

Ingingo ya 47

Amakuru agenewe bose ntashobora kudatangwa hafatiwe gusa ku rugero ariko rw'ukugumizwa mw'ibanga.

Itegeko ry'Umukuru w'igihugu riratomora urugero n'ikiringo amakuru agenewe bose agumizwa mw'ibanga hafatiwe ku nkurikizi mbi zohaba atanzwe.

**CHAPITRE V. DE LA COMMISSION
NATIONALE D'ACCES A L'INFORMATION
PUBLIQUE ET DE LA PROCEDURE SUIVIE
DEVANT ELLE**

**IGICE CA V. UMUGWI W'IGIHUGU UJEJWE
IVYEREKEYE AMAKURU
AGENWE BOSE
N'IBIKURIKIZWA MURI UWO
MUGWI**

Article 48

Il est créé une Commission nationale d'accès à l'information publique ci-après dénommée « la Commission ».

Ingingo ya 48

Harashinzwe Umugwi w'igihugu ujejwe ivyerekeye amakuru agenewe bose wiswe « Umugwi ».

La Commission est chargée de veiller à la mise en application de la présente loi.

Uwo Mugwi ujejwe gukurikirana ishirwa mu ngiro ry'iri bwirizwa.

Un décret précise les missions, la composition, l'organisation et le fonctionnement de la Commission.

Itegeko ry'Umukuru w'igihugu riratomora imirimo y'uwo Mugwi, abawugize, ingene utunganijwe n'ingene ukora.

La composition de la Commission est inclusive.

Uwo Mugwi ugizwe n'abaserukira imice yose y'abenegihugu kandi ata wukumiriwe.

Section 1. Des recours auprès de la Commission

Agace ka 1. Ukwitura Umugwi

Article 49

Toute personne à qui un organisme public ou privé a refusé l'accès à une information publique qu'il détient peut déposer un recours auprès de la Commission pour faire constater que l'organisme a failli aux obligations prévues par la présente loi.

Ingingo ya 49

Uwo wese urwego rwa Reta canke igisata cayo n'ic'abikorera utwabo vyimye amakuru agenewe bose bifise, arashobora kwitura uwo Mugwi kugira wihweze ko urwo rwego canke ico gisata vyacye kubiri n'ibitegerejwe bitegekanijwe n'iri bwirizwa.

Article 50

Sous réserve des dispositions de l'article 52, la Commission peut prendre une décision endéans 30 jours après avoir donné la possibilité à l'organisme concerné de présenter sa défense par écrit.

Ingingo ya 50

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 52, Umugwi urashobora gufata ingingo mu kiringo c'imisi 30 umaze guha urwo rwego canke igisata akaryo ko kwiregura biciye mu rwandiko.

Article 51

Dans ses décisions, la Commission peut :

- 1° Rejeter le recours ;
- 2° Enjoindre à l'organisme public ou privé de prendre les mesures nécessaires afin de se mettre en conformité avec ses obligations ;

Ingingo ya 51

Mu ngingo Umugwi ufata, urashobora :

- 1° Kuvuga ko ivyo washikirijwe bitagira ishingiro ;
- 2° Gutegeka urwego rwa Reta canke igisata cayo n'ic'abikorera utwabo gufata ingingo zikenewe kugira bikore ivyo bitegerejwe ;

- 3° Déferer au Ministère public tout manquement constitutif d'infraction au moyen d'un procès-verbal de constatation d'infraction au sens de la présente loi et dans le respect d'autres dispositions légales pertinentes, le cas échéant.
- 3° Gushikiriza Ubushikirizamanza amakosa yose yakozwe afatwa ko ari icaha gitegekanijwe n'iri bwirizwa biciye mu cegeranyo cerekana ko icaha cakozwe hubahirijwe ibitegekanijwe n'ayandi mabwirizwa avyerekeye, igihe bikenewe.

La Commission notifie à la fois au plaignant et à l'organisme sa décision, y compris tout droit de recours.

Umugwi uramenyesha uwawituye hamwe n'urwego canke igisata vyitwariwe ingingo wafashe, n'uko uwo ari wese afise uburenganzira bw'ukwungururiza iyo ngingo.

Article 52

La Commission rejette d'office les recours :

Ingingo ya 52

Umugwi ntiwakira ivyo ushikirizwa:

- 1° Qui ont un caractère abusif, tracassier ou qui sont manifestement injustifiés ;
- 1° Biboneka ko birimwo ukurenza urugero, amahane canke bigaragara ko bidasiguritse;
- 2° Lorsque le plaignant n'a pas utilisé toutes les voies de recours internes et disponibles prévues par l'organisme concerné.
- 2° Mu gihe uwitwaye atakoresheje inzira zose zo kwitwara zisanzwe zitegekanijwe n'urwego canke igisata vyerekeye.

Section 2. Des pouvoirs d'investigation de la Commission

Agace ka 2. Ububasha bw'ugutohoza bw'Umugwi

Article 53

La Commission a le pouvoir de diligenter des enquêtes approfondies en ordonnant que des preuves soient fournies et en obligeant des personnes à témoigner afin de parvenir à une décision.

Ingingo ya 53

Umugwi urafise ububasha bwo gukora amatohoza yimbitse, mu gutegeka ko hatangwa ivyemezo n'uko abantu basura kugira ngo hafatwe ingingo.

Articles 54

La Commission peut, au cours d'une enquête examiner tout document contenant l'information demandée par le plaignant.

Ingingo 54

Umugwi urashobora, mu gihe c'amatohoza, kwihweza ikibitsweko amakuru cose kirimwo amakuru yasabwe n'uwitwaye.

L'accès à tout document ne peut lui être refusé sous aucun motif.

Nta mvo n'imwe ituma uwo Mugwi udahabwa ikibitsweko amakuru cose.

Section 3. Du réexamen des décisions et des ordres de la Commission

Agace ka 3. Ugusubira kwihweza ingingo zafashwe n'Umugwi n'ivyo wategetse

Article 55

Le plaignant ou l'organisme public ou privé concerné peut, dans un délai de 30 jours à compter de la notification de la décision de la Commission conformément aux règles de procédure suivie devant cette instance, faire recours devant la cour administrative compétente pour le réexamen de la décision de la Commission.

Ingingo ya 55

Uwitwaye, urwego rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo vyerekeye, arashobora, mu kiringo c'imisi mirongo itatu iharurwa kuva hamenyeshajwe ingingo yafashwe n'Umugwi hisunzwe ibikurikizwa imbere y'uwo Mugwi, kwunguruza muri Sentare ica imanza za Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe bibifitiye ububasha kugira isubire kwihweza ingingo yafashwe n'uwo Mugwi.

Article 56

Après l'expiration du délai prévu pour saisir la cour administrative, les décisions et les ordres de la Commission deviennent exécutoires.

Ingingo ya 56

Ikiringo gitegekanijwe co kwitura Sentare ica imanza za Reta n'ibisata vyayo bimwebimwe kimaze kurangira, ingingo hamwe n'ivyategetswe n'Umugwi bica bikurikizwa.

CHAPITRE VI. DE LA PROTECTION DES FOURNISSEURS DE L'INFORMATION

IGICE CA VI. IVYEREKEYE UGUKINGIRA ABATANGA AMAKURU

Article 57

Nul ne peut être poursuivi ou sanctionné pour avoir livré de bonne foi des informations en application de la présente loi.

Ingingo ya 57

Nta n'umwe ashobora gukurikiranwa canke guhanwa kubera yatanze amakuru ata buryarya hisunzwe ibitegekanijwe n'iri bwirizwa.

Article 58

Nul ne doit être soumis à une sanction pénale, administrative ou professionnelle, quel que soit le degré de violation de ses obligations juridiques ou professionnelles pour avoir divulgué l'information en vertu de l'article 46 lorsque la personne a agi de bonne foi et a eu des raisons de penser que la divulgation de ces informations était fondée.

Ingingo ya 58

Nta n'umwe ahanishwa igihano mpanavyaha, igifatwa n'abajejwe intwari canke icisunga amategeko agenga akazi, ku rugero urwo ari rwo rwose yoba yahonyanze ivyo ategerejwe bijanye n'amategeko canke n'umwuga wiwe, kubera yashize ahabona amakuru hisunzwe ingingo ya 46, mu gihe uyo muntu yabikoze ata buryarya kandi akaba yari afise imvo zituma yibaza ko itangwa ry'ayo makuru ryari rifise ishingiro.

CHAPITRE VII. DES DISPOSITIONS PENALES

IGICE CA VII. INGINGO MPANAVYAHA

Article 59

Sans préjudice des dispositions pertinentes du Code pénal et du Code de procédure pénale burundais, toute violation des

Ingingo 59

Hatirengagijwe Ingingo zihambaye ziri mu gitabo mpanavyaha hamwe n'igitabo gitomora ingene ivyaha bitohozwa n'ingene imanza

prescriptions de la présente loi expose son auteur aux sanctions prévues par les dispositions pénales ci-après :

zivyerekeye zicibwa mu Burundi, ukurenga ku ngingo zitegekanijwe n'iri tegeko bituma uwuzirenzeko ahanishwa ibihano bikurikira :

Article 60

Est puni d'une servitude pénale d'un an à trois ans et d'une amende de cent mille à cinq cent mille francs burundais ou d'une de ces peines seulement, toute personne qui, par tous les moyens, fait sciemment obstruction à l'accès à l'information en violation de la présente loi.

Ingingo ya 60

Ahanishwa igihano co gupfungwa kiva ku mwaka umwe gushika ku myaka itatu, hamwe n'ihadabu ry'amafaranga y'amarundi riva ku bihumbi ijana gushika ku bihumbi amajana atanu canke igihano kimwe muri ivyo, uwo wese, akoresheje uburyo ubwo ari bwo bwose, abaye intambamyi n'ibigirankana y'ukuronka amakuru biciye kubiri n'iri bwirizwa.

Article 61

Est puni d'une servitude pénale d'un an à trois ans et d'une amende de cent mille à cinq cent mille francs burundais ou d'une de ces peines seulement, toute personne qui fait sciemment obstruction à l'exercice d'un droit ou à l'accomplissement par un organisme public ou privé d'une de ses obligations prévues par la présente loi.

Ingingo ya 61

Ahanishwa igihano co gupfungwa kiva ku mwaka umwe gushika ku myaka itatu, hamwe n'ihadabu ry'amafaranga y'amarundi riva ku bihumbi ijana gushika ku bihumbi amajana atanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene, uwo wese abereye intambanyi n'ibigirankana ikoresheje ry'uburenganzira canke irangurwa ry'ibitegerejwe urwego rwa Reta canke igisata cayo canke ic'abikorera utwabo bitegekanijwe n'iri bwirizwa.

Article 62

Est puni d'une servitude pénale de deux à cinq ans et d'une amende de cent mille à cinq cent mille francs burundais, toute personne qui interfère dans le travail de la Commission.

Ingingo ya 62

Ahanishwa igihano co gupfungwa kiva ku myaka ibiri gushika ku myaka itanu n'ihadabu ry'amafaranga y'amarundi riva ku bihumbi ijana gushika ku bihumbi amajana atanu, uwo wese abereye intambamyi ibikorwa vy'Umugwi.

Article 63

Est puni d'une servitude pénale d'un an à cinq ans ou d'une amende de cent mille à cent cinquante mille francs burundais, toute personne qui détruit des documents à usage du public.

Ingingo ya 63

Ahanishwa igihano co gupfungwa kiva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu, canke ihadabu ry'amafaranga y'amarundi riva ku bihumbi ijana gushika ku bihumbi ijana na mirongo itanu, uwo wese azimanganije ibibitsweko amakuru bigenewe gukoresheya ku neza ya bese.

CHAPITRES VIII. DES DISPOSITIONS IGICE CA VIII. INGINGO ZISOZERA FINALES

Article 64

Toutes les dispositions antérieures contraires à la présente loi sont abrogées.

Article 65

La présente loi entre en vigueur à la date de sa promulgation.

Fait à Gitega, le... /... /2026

Evariste NDAYISHIMIYE

PAR LE PRESIDENT DE LA
REPUBLIQUE,

VU ET SCELLE DU SCEAU DE LA
REPUBLIQUE

LE MINISTRE DE LA JUSTICE, DES
DROITS DE LA PERSONNE HUMAINE ET
DU GENRE

Alfred AHINGEJEJE

Ingingo ya 64

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri
bwirizwa zirafuswe.

Ingingo ya 65

Iri bwirizwa ritangura gukurikizwa kuva
kw'igenekerezo ritangarijweko.

Bigiriwe i Gitega, ku wa...../...../2026

NDAYISHIMIYE Evariste

KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO
IKIMANGU CA REPUBURIKA

UMUSHIKIRANGANJI W'UBUTUNGANE,
AGATEKA KA ZINA MUNTU
N'ITERAMBERE RIDAKUMIRA ©

Alfred AHINGEJEJE